ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№187 (21.345) ● 2008 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 24, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2008 гъэм фокІадэм и 30-р щымылажьэ махуэу гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

НэщІикІыж хьидым ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Мыслымэнэхэм я Іуэхущ1апІэм зэрызыкъытхуигъэзам ипкъ иткІэ, **унафэ сощІ:**

1. 2008 гъэм фокІадэм и 30-р щымылажьэ махуэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къыщылытыгъэ.

2. Мы Указым къару егъэут официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм фокІадэм и 23-м
№92-УП

КЪБР-м и стендым Путин Владимир къеблэгъащ. Абы бгъэдэтщ Къанокъуэ Арсен.

Къэралми республикэми я фейдэ зыхэлъхэр

Иджыблагъэ Сочэ къалэ щекІуэкІа дунейпсо зэхьэхьэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм инвестицІ проектУ 10 щІи хильэхуащ.

Абыхэм ящыщу тхур Іуащ-хьэмахуэ льапІэ и зыгъэпсэхупІэ щыпІэхэм зегъэужьыным теухуат, адрейхэри республикэм псэукІэр щегъэфІэкІуэным, щІыналъэм зегъэузэщІыным хуэгъэпсащ.

КЪБР-м и стендыр гъэмэу егупсысауэ, республикэм щекІуэкІ гъащІэр льэныкъуэкъуэдкІэ къызэщІнубыдуу, и гъэщІэрэщІэкІэкІи гу лъымытэнкІэ Іэмал имыІэу къызэрагъэпэщат. Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен я пашэу ди республикэм и ЛІыкІуэу Сочэ щыІа гупым ди стендым деж гуапэу щрагъэблэгъащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Путин Владимир. Утыку кьраха дэтхэнэ проектри гъащІэм хэпщІа хьумэ, республикэм, къралым я дежкІэ абы иІэнкІэ хьуну мыхьэнэм, псом хуэмыдэу туризмэм зегъэужьыным фейдэуэ къыщІэнум теухуа псалъэмакъ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым Къанокъуэ Арсен дригъэкІуэкІащ.

И кІэм ноблагъэ

РЕСПУБЛИКЭМ кІэрт1офыр Іухьжьныр и кІэм щынэблэгъащ.

Мы илъэсым хаса гектар мини 6-м къытрахащ тонн мини 120-м щигъу. Хадэхэ зкІыр бэвш, зы гекІрым хуэзэу къыстекІыр илъэс кІуэм нэхьрэ центнер 45-кІэ нэхьыбэщ. Мы зэманым кІэртІофыр зэхьащ, гъущапІэхэм зэрыщагъэтІылъыным хуэдэу. Помидорыр, нащэ кІаСэр, болгар щыбжийр, баклажаныр Іухьжьныри и кІэм ноблагъэ.

Мэкъумэш предприятэхэм кърахьэлІа хадэхэжьыр здахьыныкІэ мы илъэсым гугъу ехьырыкым, ар консерв заводхэм пасэу иращІыла зэгурыІуэныгъэм тету иращэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Предприятэхэм, Іуэхущ1апІэхэм я унафэщ1хэм гу зылъатапхъэ

ФЕДЕРАЛЬНЭ пощт Іэнатіэм и управленэу КЪБР-м щыІэм фигу къеГъэкІыж газетхэмрэ журналхэмрэ 2009 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм, апхуэдэу «Огонек» журналым и «Цыхубэ библиотекэм» хьыхэ тхьылъэр, «Террэ» тхылъ клубым къыдигъэкІэр 2008 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къалэрыхьэн папщІэ предприятэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ фокІадэм и 1 льандэрэ Іэ зэрытрагъадэзэр.

Нужь дыдэу Іэ традзэ щыхьыну махуэр 2008 гъэм дыгъэгъэзэм и 14-рщ.

Мы Іуэхум теухуауэ фекІуалІэ хьунущ мы адресым: Налшык къалэ, Щодзэнщыкіым и уэрам, 14, 5-нэ къат, Іэ щІэзыгъэдз оГдел. Телефоныр: 42-28-56.

Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхухэмрэ ди хьэщІэхэмрэ фыкъыдогъэблагъэ!

НэщІикІыж махуэшхуэм и щІыхькІэ Къэрал концерт гъэтхэгъуапІэм жэпуэгъуэм и 1-м сыхьэт 18-м щыщІэдзауэ щекІуэкІыну концертым гукъыдэж зиІэ псори фыкъыдогъэблагъэ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и артист цІэрыІуэхэм абы щагъэзэщІэнущ ди цІыхухэм фІыуэ ялъэгъуа уэрэдхэр.

Концертыр пщІэншэу щытынущ.

ФышІэупщІэ хъунущ **42-67-27** телефонымкІэ.



Езыр кІэлъыплъыну къегъэгугъэ

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий арэзыкъым ди къэралым и къуэкІыпІэ лъэныкъуэм псэуныгъэм ехьэлІа хуэунэгъэхэм хуэму фІэкІа зэрыщемыдзэхьыжьыкІэ.

Ар къыщыпсэлъащ Приморьемрэ Забайкалъемрэ я унафэщІ къульыкъущІэхэм Анадырь щІэдригъэкІуэкІа зэІущІэм. Медведев Дмитрий Чуоткэм щыпсэухэр къигъэгугъащ щыналъэм и ЖКХ-м и лэжьыгъэр езым и кІэлъыплъыныгъэм щІигъэувэну. Мыбы илъэс хьурейм унэхэр щагъэпль, арщхьэкІэ а Іэнатіэм пэрытхэр егупсуу тлъагъуркъым, жиІащ Президентым.

Нью-Йорк щызэхуос

Нью-Йорк къыщыдзэІуахащ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 63-нэ сессиер.

Абы хэтыну США-м льэтащ УФ-м нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министр Лавров Сергей. Сессием зыщытепсэлъыхьыну яГэуэва Іуэхухэм хэтхъым иджыблагъэ Кавказым къыщыхъуахэр, ауэ зэзІущІэм ахэр къызэрыщІэтэным шэч хэлъкъым.

Лавров Сергей зы тхьэмахуэ зэхуакукІэ Нью-Йорк щыІэнущ. Абы зэІущІэу 50-м щІигъу иригъэкІуэкІынущ. Зэпсэлъэнухэм ящыщщ США-м и къэрал секретарь Кондолиззэ Райс.

Нэхъ пщыІэу щыхохъуэ

Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетым къызэриІэтамкіэ, УФ-м ерыскъыпхъэхэм я уасэхэм зыкъомкІэ нэхъ псынщІэу щыхохъуэ Европэм елъытауэ - мы гъэр къызэрихьэрэр ахэр ди деж процент 12,5-кІэ щыдзуеящ.

Абы щыгъуэми а бжыгъэр Евросоюзым и къэралхэм зэрыщыдэкІуеяр процентэ 3 къудейщ.

ПцІы зэфэзэщ

Куржым и узгум цІыхум зэримыГэкІуэ урысей къхъухльатэ къыщыдгуфыкІ хуэдэу а къэралым и унафэщІхэм яГэлуэхэр пцІы зэфэзэщщ.

Апхуэдэу жиІащ УФ-м Зыхъумэжьныгъэмкіэ и министерствэм и лэжьакІуэ Дробышевский Александр,- щхьэусыгъэкІуэм гуэри щыІэкъым ди къухьлъатэхэр абы и щІыналъэм дгъэкІуэну.

Сыт къызыхэкІар?

Финляндием и ищхъэрэ-къухьэпІэ льэныкъуэм насыпышагъэ ин къыщыдгуфащ.

Колледжым щеджэ щІалэ гуэрым Іэщэ кьищтэри, студент, егъэджакІуэ гуп зэтриІащ. Полицэм колледжым и унэр кьауркІэ кьищтэн хуей хьущ. ЩІэпхъаджащІэм езым зиукІыжащ. Къэхъуар къызыхэкІар ящІэркъым.

Блэхэр щІопщхьэ... школхэм

Приморьем дунейр щызыхуабэщ.

Щыналъэм блэхэр щыщыкІэр арауэ хуагъэфащэ. Ахэр кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ я чыцэхэм хэсщ. Езыхэр щхъухьзехьэщи, я шэрэзхэм щыщ куэд яГэгуІащ. Іуэхущ1апІэхэри кьагъанэрэкъым, уеблэмэ, щхьэусыгъэ сабий гадзэмэ щІопщхьэ. Я аджакІуэхэр яхъумэн папщІэ школхэм ящыщ зым и унафэщІхэм, хэбгъэзыхьмэ, щыжьбанэ кьахьын хуей хьущ. Нbriуэу зэрыщытщи, щыжьбанэхэм блэхэр я шхыныгъуэфщ...

(ИТАР-ТАСС)

НОБЭ

♦ Гвинее-Бисау Республикэм и льэпкъ гуфІэгъэ щІэ - къэралыр щхьэхуэ щыхьэуа махуэщ (1973).

♦ЮАР-м щагъэлъапІэ къэралыр апартеидым кьытекІуэ демократием зэрыкуэгъэкІуэ ящІэ. Іуэхущ1а льэпкъ махуэр.

♦ Илъэс 45-рэ и пэкІэ (1963) Инжьдж, Адыгэ-Хьэблэ электросетхэр я лъабжьэу кьыззэрагъэпэщащ Къэрэшей-Шэрджэс электросетхэр. Иджы «Къэрэшей-Шэрджэс энерго» ОАО-щ.

♦ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1933 гъэм фокІадэм и 24-30-хэм) Ленинград щекІуэкІащ ядернэ физикэмкІэ япэ союзэпсо конференцыр.

♦Илъэс 70 и пэкІэ (1938 гъэм фокІадэм и 24-30-хэм) совет къхъухльатэзехуэхэу Гризодубэв Валентинэ, Осипенко Полинэ, Расковэ Маринэ сымэ «Хэку» АНТ-37 къхъухльатэмкІэ Москва - Владивосток (Амур Іус Комсомольск и Іэшэлъашэхэр) льэуа гъэгугу мыТІысу зэпачащ. ЩэкІуэгъэм и 2-м абыхэм СССР-м и цІыхубзхэм я деж щыяпэу ФІащащ Совет Союзым и Лыжьужь щІэр.

♦ФокІадэм и 24-27-хэм Анкоридж (Аляскэ штат, США) щекІуэкІынущ 5-нэ Ищхъэрэ къэхутакІуэ форумыр.

♦ФокІадэм и 24-27-хэм Стокгольм (Швеце) щекІуэкІынущ Дунейпсо стоматологие федерацЭм и конгрессыр.

♦ФокІадэм и 24-26-хэм Красноярск щекІуэкІынущ Сыбыр федерацэ округым и кардиологхэм я III сэ.ыдыр.

♦ФокІадэм и 24-26-хэм дохутыр-профпатологхэм я III урысейпсо съездыр.

♦ ФокІадэм и 24-26-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІынущ «Гъуэгуэхэмрэ лъэмыжхэмрэ. Тоннелхэр» 10-нэ дунейпсо выставкэр.

♦ **Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакъикъ 57-м, къухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ зы дакъикъэм.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъи 4-рэ.**

ПлаИэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Насыпыр хьэщІэщ.

●Еплъыныгъэ

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

ЩІалэгъуалэм Іэщ1агъэ егъэгуэтыным гулъытэ хэха хуащ1ынущ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым и зи чэзу зэІущІэм депутатхэр Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 70-м щигъум щыхэплъащ. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым и спикер Бечелов Ильяс.

ЗАКОНОДАТЕЛЬСТВЭМКІЭ, къэралухуэныгъэмкІэ, щыпІэ самоуправленэм и Іуэхумкіэ комитетым и унафэщІ **Абазэ Руслан** зэІущІэм къыщыхильхьащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Административнэ кьуаныщ1ахэхэмкІэ и кодексым и 7-1-р статьяхэм, 8,3 статьям и пункт 4-м кьару ямыІэжу кьэльытэным и Іуэхукіэ», «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законым зэхьэуныгъэм хэль ахъ зыхэным теухуауэ», «Ди хэкуэгъуэху нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэухэм яхуэгъэзэауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм иригъэкІуэкІ, къэрал политикэм и Іуэхукіэ» республикэм и законхэм я проектхэр. Иужьрей документым къыщыгъэлъэгъуащ цІыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ я льэныкъуэкІэ ди хэку зэгъэхуэм зэрызыщІагъэкъуэнур, абыхэм экономикэ, социальнэ дэІепыкъуныгъэхэр зэрырагъэнур, нэгъэуцущ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъзэгъэхэм щэнхабзэр, бзэр кьащтэнымкІэ, еджэнымкІэ зэрызыщІагъэкъуэнур.

«2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и экономикэм папщІэ кадрэхэр гъэхьэзырырымкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Программэ» республикэ программэ хэхар кьащтэнымк Іэ Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхьэуныгъэхэр хэльхьэнымтеухуауэ КЪБР-м и законым и проектыр депутатхэм я щапхъэм кьрилъхьащ Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ **Малкаров Тэхьир** , Абы зэрыжиІамкІэ, «Нэгъуэщ1 кьэрал1хэм щыІэ бизнес-школхэм щегъэджэнырэ кьызэгъэпэщыныр» унэтІыныгъэм трагъэкІуадэ ахъшэм сом мелуан 18,5-рэ хагъахьуэ. Бюджетым и хьэкъкІэ ирагъаджэ цІыху 25-м мазэ кьэс стипендиеу сом мин 18,5-рэ иратыну я мурадщ. Апхуэдэу, программэм кьыщыгъэлъэгъуэ Іуэхуэхэм хиубыдэу, нэгъэуцІ кьэралхэм щыІэ бизнес-школхэм щагъэтІысхьэнухэм инджылызыбзэр зрагъэщІэным трагъэкІуэдэн ахъшэ хуэхъунымкІэ Іэмалхэр яубзыху.

Егъэджэныгъэмкіэ, щэнхабзэмкіэ, узынщагъэр хьуэмэнымкІэ комитетым и унафэщІ **Дадэ Исмел** кьыхилъхьэри, зэІущІэм щытепсэлъыхьащ «2008 - 2010 гъэхэм зи узынщагъэм сэкъат иІэ сабийхэмрэ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэрырагъаджэр егъэфІэкІуэнымкІэ республикэ программэ хэхам и къэкІуэнымкІэ КЪБР-м и законым и проектым. А документыр хуэунэтІащ зи узынщагъэр зэкІэлъымыкІуэ сабийхэр гъащІэм нэхъ жыджэру кьыхэщэным, ахэр иджыдрей жылагъуэ зэхэтыкІэм хэгъэзэгъэным.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм архив Іуэхур кьызэрыщІызэгъэпэщам теухуауэ» законопроектыр кьыщыхильхьэм ЩэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ комитетым и унафэщІ **Іэщ1э Заур** жиІащ КЪБР-м и Архив фондым хиубыдэ документхэр зэрахьумэр, зэрызэхадзыр, учет зэращІыр, кьызэгъагъэсэбэпыр зыубзыху хабзэ мардэ республикэм нобэм кьэс зэрыщымыІэр, мы законопроектыр а ныкъусанныгъэр гъэзэкІуэжьыным зэрыхуэунэтІар.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлим** Президиумым хэтхэр щыгъэзэ ящІащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэр щыхъэныкІуэ и Іуэхукіэ», «Сабийр зи жьауэм щІэтым (кІэлъыплъым) а сабийм тригъэкІуэдэн папщІэ мазэ кьэс ират ахъшэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхьэуныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ» законопроектэм. И ужьрей документыр ягъэхьэзыращ адэ-анэ щхьэщымытыжу кьэна сабийм и шхыным, щитІэгъэным трагъэкІуэдэн папщІэ ахъшэ Зэрырат щыкІэр ягъэтэмэмын папщІэ,

Ищхьэкіэ къыщыгъэльэгъуу а документ псори депутатхэм хуагъэхьащ абыхэм ят еуху зыхуэфащэ Іуэхуэхэр яГэхьэзырын папщІэ.

Парламентым и Президиумым и зэІущІэм щыхэплъащ УФ-м и адрей с убъектхэм я парламентархэм законхэр къыдэгъэкІыным теухуауэ къыхалъхьа жэрдэмхэм. Абыхэм ятеухуауэ къэпсэлъащ Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэныгъэмкіэ, щыпІэ самоуправленэм и Іуэхухэмкіэ комитетым и унафэщІ **Абазэ Руслан**, абы и кьуэдзэ **Гилиев Борис** Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ **Малкаров Тэхьир**, абы и кьуэдзэхэуЗэхъу **Владимир, Ал эныкъ Анатолий, Гончаренкэ Михаил**, Егъэджэныгъэмкіэ, щэнхабзэмкіэ, узынщагъэр хьуэмэнымкІэ комитетым и унафэщІ**Иванов Игорь**, абы и кьуэдзэ **Дадэ Исмел**, Щэнхабзэмкіэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Іэпщэ Заур, Аграрнэ политикэмрэ щІыуэпсыр кьэгъэсэбэныныкІэ комитетым и унафэщІ **Несутулов Виктор**, Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэхэу **Джэш ФатІимэ, Гуляевэ Валентинэ** сымэ. Зыхэпльа а Іуэху псоми ятеухуауэ зыхуэфащэ унафэхэр кьащтащ.

Парламентым и лэжьыгъэр кьыззэгъэпэщыныкІэ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкіэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьыпсэльам едаІуэри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ «Дзэлыкъуэ район типографие» муниципальнэ унитарнэ предприятиер зэрыщІагъэкІуэр Хьэсэн Талий и кьуэм, «Іуащьхэмахуэ мэз хозяйствэ» къэрал Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Ахматов Малик Магомед и кьуэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэз хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Мэлыкьуэ Хьэсэнбий Инал и кьуэм, «Май мэз хозяйствэ къэрал Іуэхущ1апІэм и участкэм и унафэщІ Хацаев Арсен Аскэр и кьуэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Щыхь тхылъыр етыным теухуауэ».

ЗэІущІэм и кІэуэным Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финансхэмкІэ комитетым и унафэщІ **Ахъуэхъу Кьанщобий** и лэжьэгъуэхэм яхуиІуэтэжащ «2011 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекІуэкІыну кьалымтэмрэ 2009 гъэм, апхуэдэу 2010, 2011 гъэхэм федеральнэ бюджетым и проектхэм я Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ ятеухуауэ» Къэрал Думэм щрагъэкІуэкІа парламент едэІуэныгъэхэм езыр зэрырэтар.

Нартыхур кІэрыхуншэу Іухьжьным ещІ - Тэрчналмэс» ОАО-м и «Агро» ООО-р. Мыбы и закъуэ гектар 1200-рэ иІэщ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэр илъэс 70 зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ Іуэхуэхэр егъэкІуэкІыным хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм фокІадэм и 18-м №221-ПП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэр илъэс 70 зэрырикъум (Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 15 зэрырикъум) зыхуэгъэхьэзырыри якІи абы пыщІа гуфІэгъуэ Іуэхуэхэр егъэкІуэкІыни мурадкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэр илъэс 70 зэрырикъум (Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 15 зэрырикъум) теухуауэ зэфІэгъэкІыпхъэ Іуэхуэхэм я Правительствэм и унафэм и гуэдзэным эритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм хуэгъэзауэ гуфІэгъуэ Іуэхуэхэм зыхуэгъэхьэзырыни якІи ахэр егъэкІуэкІыным тригъэкІуэдэн папщІэ 2008 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и «Къэралпсо Іуэхуэхэр» разделым и «къэрал властым законхэр къыдэзыгъэкІ и (дЫкІуэ) органхэм, муниципальнэ щІыналъэхэм я лЫкІуэ органхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныр» раздел къыдэзым къыхэкІыу сметэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым сом мелуани 3,0-рэ хунутІыпщыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ ДыщэкІ М.Р.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 ЯРИН Андрей

● КІэщІу

Дзэлыкъуэ куей

Псэуалъэхэр зэрагъэпэщыж

Дзэлыкъуэ куейм и Іэщ фермэхэр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм еужьэрэкІыу хуагъэхьэзыр.

ПСОМ ХУЭМЫДЭУлэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ «Малкэ Ипщэ», «Псынэдахэ», «Джатэ» СХПК-хэм. Мы хозяйствэхэм я унафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, Хьэмащэрэ Аурсэнтхэр щаІыгъ я Іэщхэм кьыщрашэхьыжьынур жэпуэгъуэ маазэрщ, абы ирихьэлІэу ремонт лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІынущ.

Тэрч куей

Гъавэ бэв

Тэрч районым нартыхуу щыхаса гектар мин 13-рэ 700-м щыщу гектар мини 5-р Іуахьжащ.

ГЪАВЭ бэв кьахуэхьащ Курп Ипщэ, Курп Ищхьэрэ, Плановскэ, Арыкъ, Дей къуажэхэм. Иджыпсту мэкъумэщыщІэхэр гъавэр псынщІэу зэрыІуахьжьным хущІокъу. Техникэр кьащтэмщІэхэкІ къэхъуми, абыхэм кьадэІэпыкъунущ

республикэм и «Мэкъумэштехникэ» Іуэхущ1апІэр.

Прохладнэ куей

Зыхуей хуагъазэ

Прохладнэ куейм хьыхэ Солдатскэ станицэм и псы къыщІэшыпІэр илъэс 30 хъуауэ къагъэсэбэп.

А ЗЭМАНЫМ къыриубыдэу ремонт Іуэхукіэ абы зэй зэремыусам къыхэкІыу Солдатскэм щыпсэуэхэр, а щыпІэм къыщыщІэш псыр зыІэрыхьэ ГъунэгъУ кьуажэхэри гугъу йохь, Ар кьиІыпэри, псы къыщІэшыпІэр зыхуей хуигъэзэну еувэлІащ 2008 гъэм куейм къыщыщІэпІэр.

Лэжьыгъэм текІуэдэну сом мин 25-30-р езы Іэнатіэм и мылъкум къыхихынущ, район бюджетым хэмыІэбэу. Псы къыщІэшыпІэм ехьэлІа лэжьыгъэхэр кьанэ щымыІэу жэпуэгъуэм и пэщІэдзэхэм зэфІагъэкІынущ.

Май куей

Куэдым егъэпІейтей

«Красная нива» мэкъумэш предприятэм бжьыхьэсэ гуэдзымрэ хьэмрэ зытрасэну щІыр щагъэхьэзыр.

АУЭ МЭКЪУМЭЩЫЩІЭ-ХЭР егъэпІейтей техникэр къазэремэщІэкІым. Абы къыхэкІыу Котляревскэм иджыпсту щолажьэ гъунэгъу хозяйствэхэм зэгурыІуэныгъэкІэ къраша механизаторхэри. Абыхэм кьапэщыщІыщ щІы гектар 1500-рэ сэгъуэм хуагъэхьэзащІ.

Абыхэм кьадэкІуэу хозяйствэм Іуэхык гектар 500-м триса сэхуранымрэ нартыхумрэ. Хуабэу зэрекІуэкІар зэран мыхъуу кьэнакъым, ауэ кьэрагъэпа гъавэр кІэрыхуншэу зэрыІуахьжьным иужь итщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ищ1ыІэр къэмыс щІыкІэ

Налшык и «Горводоканал» муниципальнэ Іуэхущ1апІэр мы лъэхъэнэм нолжь къалэмрэ абы кьегъэщІыпІа жылагъуэхэмрэ псы зэрекІуэлІэ бжьамийэр зыхуей хуэгъэзэным.

МЫ ІУЭХУЩІАПІЭМ ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІ и кьудамэм Хьэсэней жылагъуэм щыІэ Заречнэ уэрамым жьы дыдэ хъуа бжьамийуэ метр 400, Куйбышевым и уэрамым - метри 120-рэ щІэкІэ щызэрахьэкІащ. Абы Іуэхущ1апІэм езым и мылъкуу сом мин 480-м хэх тригъэкІуэдащ.

Апхуэдэу Налшык дэт 59-нэ сабий садым бжьамийщІэхэр ирашэлІащ, гъэзгу дыхьэпІэр зыхуей хуагъэзащ. Кьхьаэ хъуа бжьамийхэр иджыпсту зыхуей щыхуагъазэ Налшык и профсоюзнэ, Кьалмыкъым, Хмельницкэм, Мэлбахъуэм, Герцен я щІэхэр зезыхьэ зэрыхуэ. Абыхэр арэзы зытехьэу і эжьыгъэ зэфІагъэкІ «Горводоканал» предприятэм зэрыжьыгъэхэр езыгъэкІуэкІ и кьудамэм канализацэр, псы зэрыкІуэ бжьамийхэр зэхъуэкІыным елэжь цехэхэмрэ.

«Адыгэ псальэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ льапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2009 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм газетым и уасэр сом 356-рэ кІэлъейкІи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

● КЪР-м и Правительствэм

2009 гъэм и бюджетыр псэукIэр егъэфIэкIуэным хуаунэтI

КЪР-м и Правительствэм и иужьрей зэIуцIэм ськыщы-цыпсалъэм финансхэмкIэ министр Бышэн Аэрэт жиIащ бюджет ахъшэу социальнэ IэнатIэм тграгъэкIуадэр 2009 гъэми зэрамыгъэмащIэнэр. Министрым зэIуцIэм щIэсахэр щыгъуазэ ищIащ дызыхуэкIуэ илъэсым бюджетым и зэхэпльыкIэр щыпытэм.

- ЗЭХЪУЭКIIыНыГЪЭ щхьэхуэхэр зыхалъхьэнур улахуэм, стипендиехэм, социальнэ дIэпIыкIыгъэхэм, цIыху щхьэхуэхэм ират къэрал дIэпIыкIыныгъэм хухах ахъшэрыр. Абы къыдэкIуэу дэ дыхущIэкъуащ зэрыщыгъ экономикэм, хэхаущ абы и Iэнатl щхьэхуэхэм - псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэхэм, социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхущ Iапl эхэр щыным, кьуажэ ухуэнныгъэхэм, гъэзэгуэгъэнгъэ щыным, - къыхигъэщхьэхуIащ Бышэн Аэрэт.

Хэхъуэхэр процентыр 117,2-кIэ нэхьыбэ хъуну икIи псори зэхэту сом мелиард 27,7-рэ къэIэрыхьэну щогуть. Республикэм ешIэн къызэригъэпэщыжь хэхъуэм и процент 72-р, бжыгъэкIэ къапщтэмэ, сом мелиард 5,6-р, налогхэм я хьэкIкIэ къызэщIагъэуIуэну я мурадщ. Къапщтэмэ, цIыху щхьэхуэхэм я хэхъуэм хуэзэу сом мелиард 1,8-рэ, мыпхъум папщIэ налогыгу сом мелуан 790-рэ, къаIэрыхьэ фейдэм техуэ налогыу сом мелуан 794-рэ кьыхахьынущ. Налогыу щымыт адрей хэхъуэхэр псори зэхэту сом мелиард 2,2-м нэсыну кьалъэтэ. Псори зэхэту федеральнэ бюджетым кьыхахIыну финанс дIэпIыкIыныгъэу республикэм сом мелиард 12,8-рэ кьыхуаутIыпщынущ. Ар иджы КЪР-м и бюджетым и процент 53-рэ хъуну аращ.

2009 гъэм и бюджетым и процентэр зэхалъхьащ лэжьапщIэр отраслевой хабзэхэм тету яту зэрыщIадзэнум кьыхэкIыу улахуэхэр кьызэрагIэтынум, нэхъ мащIэ дыдэу мазэм ят лэжьапщIэр сом 4330-м зэрынэсынym тещIыхьауэ. Профессиональнэ щIэныгъэ щIагъэгъуэт Iуэхущ Iапl эхэм щIэсхэм я стипендиер хуэдэ 1,3-кIэ нэхьыбэ хъунущ. АпхуэдизкъаIэльытащ инфляциер процентым 8,5-м зэрынэсынym кьыхэкIыу бюджет Iуэхущ Iапl эхэм я зэрыхуэхъунym. Щыпl эбюджетхэм ират финанс дIэпIыкIыныгъэр сом меларди 5,3-м щIигъунущ.

Ди дежь щагъэзащIэ республикэ программэ хохуэу 26-м трагъэкIуадэн папщIэ 2009 гъэм сом меларди 2-м щIигъу хухах. Республикэм и инвестицэ программэм хуаутIыпщынущ сом мелард 1,5-м щIигъу.

КъэзэралытэмкIэ, республикэ бюджетым хуримыкъынур сом мелуан 605-рэщ е КЪР-м езым кьызэригъэпэщыж хэхъуэхэм я процентри 7,7-м хуэдизщ. Ар Урысей Федерацэм и Бюджет кодексым щыубзыхуэ мардэм кьоIаcэ.

КЪР-м и Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей зэрыжиIамкIэ, министрым кьыхихьэ проектыр нэхъ мащIэ дыдэу республикэм хуэфэкIыныхэм ятещIыхьащ.

- Тхуримыкъуну къэтпытэ сом мелуан 605-р налогыу кьыхахьэфынy кьыщIэкIынут, ауэ дэ мыбдеж налог органхэми бизнесми тIэкIу яхудыдоку, кьыхамыхыу кьэнэну а ахъшэр тэмэму кьагъэсэбэпынy, абы и хьэкIкIэ лэжьапщIэр кьаIэтыну дыщогугъ. - къыхигъащхьэхуIащ Правительствэм и Унафэщым. - Апхуэдизкъаиди деж иджырей технологиехэри нэхъ зыубгъуауэ кьызэсабэну щIадзэну.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Лъэныкъуэ псори къалъытэ

Иджыблагъэ зэхэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2008-2009 гъэмрэ я бжьыхьэ-щымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэхъэзырынымкIэ щыIэ республикэ комиссэм и зэIуцIэ.

Ар иригъэкIуэкIащ промышленностымкIэ, гъэсынпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министр Минаев Казим.

МИНИСТРЫР зэпхърыхуэу кьытеувыIащ жэуапльныгъэшхуэ зыпльыгъэ къэрэгулъхьэну. Ар зыIэщIэдгъэкI хъунукым», - къыгъэлъэгъуащ абы.

Министрым кьызэрыкIуэщIамкIэ, гупсысэ нэхъ мащIэ кьешэ псы, хуабэ кIуапIэхэм я процент 66-м нэблагъэм я пальэр зэрикIам. Ахэр зэхъуэкIыным мы гъэм сом мелуани 191-рэ хухахащ. Хуабэр кьаратыжьынымкIэ кьызэралытэр Iэмэпсымэхэмрэ газоанализаторхэмрэ гъэувыным сом мелуан 11,5-рэ хуаутIыпщати, мелуани 6-м щигъу и уасэ лэжьигъэ зэрэфIагъэкIащ.

"Пыкъыгъэ кьалэм хуэдэ щхьэкъэзыт и Iэнатlэхэр тэмэму зэтедублэн щхьэкIэ сом мелуани 104,3-рэ кьыдатащ. Мы гъэм абы щыдоухуэ щхьэхуэу лажьэ котельнэ-р, нэхъапIэ-Iуэкl хьэкуи 3 щыдгъэщащ. КьызэрыдбжамкIэ, абыхэм текIуэдар мазэ 37-м кьируфыбдэу кьалэжьыжьынущ.

Жьы хуэ ятеи кIуапIэу километр 35-рэ зэтхъуэкIыну кьыштпэщытщи, шыщхьэIум и 1-м ирихьэлIэу километр 26-м щIигъум ар щIызэфIагъэкIащ, хуабэкIэ кьызэзэгъэпэщ Iэмэпсымэу сом мелуан 21-рэ уасэ тхъэщащ. Бжьхьэ-щымахуэ лъэхъэнэм хуэщIауэ дрихьэлIэн щхьэкIэ, накъыгъэ мазэ лъандэрэ республикэм и котельнэхэр егупгъу зыхуэят хуагъазэ. Абыхэм я процент 95-р пэжыдаIэ зэхуэхьэзырщ. Токи кIапсэкэм я процент 73-р зыхуэят хуэдгъэзащ, километр 42,2-р щIэкIэ зэтхъуэкIащ, трансформаторрэ подстанцэ 305-рэ ремонт тщIащ, газ кIуапIэу километр 942,4-рэ кьызыхуэтынщэу зэдгъэпэщыжащ, нэгъуэщI Iэмэпсымэ куэдми гугъэзагъэу дакIэльыIэбащ. Газ кIуапIэхэм я процент 84,9-р кьызэрыкIуэтынщэу щIымахуэм хуэнкъэзырщ.

Предприятэхэми гъэпльыгъуэ зэманым хъарзынэу зыхуэхъэхьэзыр. Абыкlэ щапхъэфщ «Кавказкабель» ЗАО-р, Налшык къэлэ-р, Налшык волей льагэ аппаратурэ завод», «Бахьсэн Автозапчасть» ОАО-хэр, нэгъуэщIхэри. КIэщIу жьпIэмэ, министерствэм и промышленнэ предприятэхэм я процент 88,4-р зыхуэят хуагъэзащ,- къыгъэлъэгъуащ Уянаев Казим.

ЗэIущIэм щедэIуащ фэтэр куэд хуу унэхэр зэгъэпэщыжыным, жьы хъуэхэм щIэсхэр гъэIэпхъуэным тещIыхьа рес-публикэ программэхэм хуха-ха ахъшэхэр кьызэрагъэсэбэпым ешхьэлIауэ министрым и кьуэдзэ Бэлагъы Борис жиIаэм,

Зи унафэщI Iэнатlэхэм я IуэхущIафэм, нобэ нэхъыщхьэу зэлъэжьхэм техуэуауэ зэIуцIэм кьыщыпсэльащ Налшык кьалэ округым и администрацэм и унафэщым и кьалэхэр зыгъэзащIэ **Сорокин Виктор**, Дзэлыкъэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Вындыжь Резуан**, «Налшык-водоканал» ОАО-м и унафэщым и кьуэдзэ **Къзанш Аэрэталий**, Бахьсэн куей администрацэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и кьудамэм, и Iэщагъэлl **Бешкур Николай**, «Къэбэдалыкъгаз» ОАО-м и инженер нэхъыщхьэ **Клуэкlуэ Малил**, республикэм технологие, экологие, атом кIэльыплъыныгъэмкIэ и управленэм и унафэщым и кьалэхэр **Шогуэ Руслан**, «Налшык псы бжьамийхэр» муниципальнэ предприятэм и Iэтащхьэ **Соблир Андемыркьан**, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм щыжалахэр зэхалъхьэжа нэужь, мы зэман гъунэгъум къапщIыт къалэнхэр ягъэнэIуащ.

ХЬЭ ЖЫКЪАРЭ Алик.

● Къэнжал зауэ - 300

Мыпхуэдэ теплъэ кIэнущ мазибл дэкIмэ Налшык къалэм щагъэувыну фэеплъ сыным. Абы и лъагагъыр метр 12. Сыныр Санкт-Петербург щецIу Урысей Федерацэм Художествэхэмкlэ и Академием и член-корреспондент Сэвкlуиф Хьэмид.

● КЪР-м и прокуратурэм

Хабзэр къызэпауд

Щэрэдж районым и прокуратурэм къыщIигъэщащ зи бынхэр сабий садхэм зыгъакIуэхэм уасэ къызэрыIах щыкIэм хэпь мыхъумыщIагъэ зыбжанэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, мыбы къыщызэпауд льготэ зиIэ унагъуэхэм я сабийхэм папщIэ ахъшэ къызэрыIах щыкIэр. Апхуэдизуэ ад3-анэм ятын хуей ахъшэр зы-хуэдизыр щыщабжкIэ, сабийр ипэжыпIэкIэ садым зэрыкIуэ махуэ бжыгъэр къыщамыIытэ къыхокI. Льготэ зиIэхэм компенсацэхэр гуваув щратыжи кьохъу.

«ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМ и Iуэхухlэ» Федеральнэ законым и 11 статьям кьезэгъыркъым языныкъуэ еджапIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ я еджапIэхэр зи IэмышIу ильэсмрэ зэгурыIуэныгъэхэр зэрызэрамыщыIэр. Апхуэдизуэ мыкъумыщIагъэщ Къащхьэтау поселкэм дэт курыт еджапIэ муниципальнэ Iуэхущ Iапl эм, Бабугент къуажэм дэт курыт еджапIэ муниципальнэ Iуэхущ Iапl эм я унафэщIхэмрэ я Iуэхущ Iапl эхэм кьеIуалIэ сабийхэм я адэанэхэмрэ льэныкъуитIыр зэрызэдэлажьэр зэблэзыгъэкIуэ зэгурыIуэныгъэхэр зэрызэрамыщыIэр. Апхуэдизуэ мыкъумыщIагъэщ Къащхьэтау поселкэм дэт курыт еджапIэ муниципальнэ Iуэхущ Iапl эм, Бабугент къуажэм дэт курыт еджапIэ муниципальнэ Iуэхущ Iапl эм я унафэщIхэмрэ я Iуэхущ Iапl эм я зэрыкIу

ЩыбгъэзэщIащ мы щIым къалэн нэхъыщхьэр

Си адэ Мыкъуэжь Хьэбалэ и фэеплъу

I

«Мылъкушхэ бынхэм фхуэзэгъэпэщакъым», -
Ар жыпIэу, си адэ, унгу зумыгъэбгъэж.
ЩыбгъэзэщIащ мы щIым къалэн нэхъыщхьэр,
Уэ жьыщхьэ махуэу хъунущ зыпльытэж.

ПщIащ унэ, уиIэщ кьуэ, бгъэкIащ жыг хадэ,
ДгъэлъапIэу напэр дыкъэбгъэтэджащ.
Уащымыщами уэ зи куэдхэм дыщэ,
«ЦIыху дыщэщ» жебгъэIэн пхуэзфIэкIащ.

2007. мазае

II

Къулыкъум, ахъшэ-бохьшэм итхьакъуауэ
Къытхэтэр мыз, къытхэтэр мыз.
Іыхьлыгъэм и Іэфlагъым дебжьауэ
Щхьэр догъэуз, щхьэр догъэуз.

Ди шхалъэм хугу хьадзитI щыIэуIуамэ,
Дохъу лIы бэлыхь, дохъу лIы бэлыхь.
Ди благъи, ди гъунэгъуи, ди ныбжьэгъуи
Дакъыхуопльых, дакъыхуопльых.

Ди хьэмтетыгъуэгэ имыухыжыну
Куэдым кьытфIощI, куэдым кьытфIощI.
Ди мылькур уэсэпс пальэу кIуэдыжыну
Ди фIащ тхуэмыщI, ди фIащ тхуэмыщI.

Іуэху минхэм далъэхъащи, псапэ гуэри
Тхудэмыщlыкl, тхудэмыщlыкl.
Нэхъыщхьэ дыдэр - ди Іыхьлы кьалэнхэр -
Тlэщlогъуэщыкl, тlэщlогъуэщыкl.

Дунейр чэзуц, ажалыр бжам нэхъ благъэщ, -
Ар хэткIи Іупщщ, ар хэткIи Іупщщ.
АрдщхьэкIэ фIыуэ тхьагъэуэр тфIэмылаIуэ
Дд дыхъукъым Іущ, дд дыхъукъым Іущ.

Къэхъуа нужьыкIэ гуауэм я нэхъ жагъуэр, -
Зыкъыдощlэж, зыкъыдощlэж.
Сын лъапIэ яхуэдгъэжмэ, сыкIыщIедз хуэмыхуу.
Тфlощl дгъэзэжкIуэж, тфlощl дгъэзэжкIуэж.

Си адэ дыщэ, сигу илъэхэм щыщу
Пхуэсщlар зытIэкIуц, пхуэсщlар зытIэкIуц.
Сэ блэкIа уэшхым къыкIэлъысщта щIакIуэм
Нэпс ткIуэпс кьыпоткIу, нэпс ткIуэпс кьыпоткIу.

III

Щымыдэу къыпхуагъадэ мэкъуауэнкIэ
Уэ джабэ нэкIуэхэм Іаджэ щыбгъэхъуащ.
Уи гуащIэ, уи щIэнтIэпс къыпэмыкIауэу
Сом лей эпхъалIэу зыбм имылъэгъуа.

Бзум япэ укъэтэджи, унхьарт губгъуэм,
Къэхъуакъым гъавэ бэн къуцимыпэс.

Къыбдэхъурт хадэжкIи пхъащхьэмыщхьи, -
Уи гугъурлагъым ар и щыхьат нэст.

Уи хадэм кьпихэр, яIубгъахуэм пфIэфIу,
Гъунэгъуи благъи уэ кьхуебгъэшкIт.
ЯщIажкъым псалъэ гуауэ кьыбжьджIауэ,
ЗэрыпхулъэкIкIэ хэти уегуэшкIт.

Къуршыфэ штетми, уи псэр уIагъуафIэт,
Уи гущIэм кьыщыщIэжьырт зэнэныпс,
Уи жумартагъщ ихуэмыухыжу,
ЦIыхухъу нэгъунэ пхущIагъэкIырт нэпс.

ЗэщыхьантIыр, уэ укъалъэгъуамэ,
Уиныпэжакъуэ зотесабыроэт.
Уигу илъ дахагъэм бауэзэр кьыпэджэжьырт,
Уэ уэзнилъамэ, псы утхъуар жэбзэжт.

Мы дунеижьыр уэ кьыбдэпалъэмэ,
Псэ хей фоч гъуаэзэм кьымылъыхъужьынт.
Іэщlыб щIыпити мылъымущlагъэу щыIэр
Дунейм жэнэту зыIэрихъуэкIынт.

Ди адэ, уи намыс нэхъ лъагэ ухъун,
Кьысщlэмыхъуамэ кьущIхьэ уэ пхуэхъун,
Арыхъэу кIуэдыжьинкъым ди лъэужьыр,
Мыпхуэдау си яужькIэ жезгъэIэнщ:

ЦIыхугъэр, лIыгъэр гъуаэзу кьыхихауэ,
Фlыр игъэльапIэу и дунейр ихьащ.
Уэсинкlэ кьпшхъунур зырыныхъуэ,
Хьэбалэ и кьуэм щIылъэм щигъэхъащ.

IV

Уи дыуэщI хэтахэм псалъэ гуапэу
Уэ кьыплъагъэсахэм согупсыс:
ЦIыху къысыу ару и пумыжьхьафыну,
Скьыбдамылъагъуам щыпкъагъэ нэс.

V

Сэ зыслъытэжми щIэрэ щхьэрэ сиIэу,
Уэ зынослъытэм, сыкьыщIедз хуэмыхуу.
Ди къуажэдэсхэм я нэхъыбэм ноби
Хьэбалэ и кьуэущ сыкъыщэращIыхур.

VI

Си ныбжьыр илъэс тхущIым щхьэдэхами,
Сыщlалэ щIыкIуу сфIощI услэщIкIа.
Иджыри гу щIыстхакъым, си адэ дыщэ,
Анхэдэу, папэ, щхьэ уепIэщIакIа?!

VII

Уи Іэгу пхъашэр зэ кьыздэпльэжьну
Сщlамэ - псибли кьунбли зэпыснчт.
Сигу кьыщIитхъми унэм кьыщIэзнахэр,
Укъэзгъанэу сымыгъэзэжьынт...

2008. бадзэуэгъуэ- щыщхьэIу

Сонетхэр

1
Зеиншэу Пэжьыр кьыдэнащ уэрамым,
Іыхьлыи благъи кьыхуэмыпэжа.
Псапэшхуэ хъунт зыгуэрым щIигъэхьамэ,
Арщхьэкlэ щIыхухэр псапэм щыужащ.

Зыгуэрым бжэр щIати дамэдзэ,
Ауан кьыщащIым, игъэбыдэжащ.
Щынащ адрейри, Пэжьыр схуэхъуэр гъуэсэ
СIэщIихмэ, жери, щIы сызэсэжар.

Мы дунеижьым фIы щIэмылъ и нэгум,
Гъэпщlагъэр гъуаэзэ зыхуэхъунар.
Зи гущIэм Пэжьыр щызыгъафIэ тIэкIум
Земыкlуэж ахъшэу ар кьалъэщIанащ.

Мы дуней иэщIым Пэжьым гъэзу щигъэиткъым.
Сытхэр щыхабзэ дуней пэж-ахърэтым?!

2
Ізым ныкъуэр зэрызыхимыщIэм
Хэзмылъагъуэ сэ гъэщIэгъуэн гуэр.
ЩIакхъуэ бзыгъэ щхьакIэ зыр мэлIыщIэ,
Адрейм дапщэщи иэщ и гуэн.

Ящlыгъат пхъиндзи, дыгъэмыкъуэр -
Арт и натIэр - ныкъуэм кьыхихащ.
Кьэнэжа дыгъафIэр, гугъу демыхъу,
Тхъэ Іэмырти, изым Іэрыхьащ.

Ныкъуэм игу щIэныкъуэр мэхъу куэдыщэ.
Изыр - иащи, зыкIи игу мыуэ.
Иэрэ ныкъуэрэ щIыIэрымыщIэр,
Тетхэщи аращ дуней хъыныр.

ЗэрызгъэщIэгъуэнур кьыхсуэмыщIэ:
Ныкъуэм ныкъуэр сыт щIызыхимыщIэр?

3
Мэзышхуэм пэмыжыкIыу щыкI жыг закъуэм
Кьэхъугъэр сыткIи нэхъ кьыхуэлъэрейщ:
Ефыщlыр жьыбгъэм, щIыIэм егъадыкъыр,
НэщанэуанIэ щыблэм кIыщIырейщ.

А жыгыр и лъэпкъэгъуэм хуэлэ щхьэнкIэ,
Хуабагъ хуэныкъуэм хамыбжэхэ ар.
Езыхэм зэлъоIэсри я щхьэнкIэр,
Жыг закъуэр ауи кьащIыркъым хъымпIар.

Гукъеуэу иIэр фIыхуэкIуэжу губжьым
Мэз гуэрэнышхуэм хуэдэлащхэ ар...
Абы хуэдабзэщ закъуэныгъэ ткIыбжьым
И хьалъэ псори щIыху кьызыстещIар.

Зи закъуэу гугъу ехьам зыпщIЫмысэ,
Уи фочри пальэщынкъым абы и сэм.

4
Си жыгыр пхъащхьэмыщхьэм кьыщикутэм,
И жьауэм уфIэфIыпсу ущIасащ.
Уэ къехыу жыгыр щыIэтрикъутэм,
УпIащIэу щхьэ лъэныкъуэ зебгъэза?

Ужажьэу умыльадэ губгъуэ нэщIым,
Къуэладжэ умыщIыхухэми нумыку.
Дунейр кьэхъуакъым щыуэлаIэн защIэ, -
Кьещlыжыр уэпх нэужьми лэгъупщкъу.

Губгъэн пхуэсщIами, кIэнщэу сыпшэпльэнущ,
Ауэ бжесIэну мыри си кьалэщ:
Джабэплъу мыIэрысэм уаIупльэнщ,
Ар кьызыпыкIэм хуейщ зебгъэлъэлIэн.

Кьикъутэм жыгыр - щIэгъэкъуэн хуэщIыпхъэщ.
Щыгъужым дежи - псыкIэ ар гъэнщIыпхъэщ.

5
Уэ удахащэщ, ауэ щыхъукIэ
Дахагъэм щхьэ ухуэгунэф?
Мэз хьапэм щыкI удэ дахэм нэхъыр
Гъэгъа Іэрыщlыр щхьэ нэхъ пфIэфI?

Сльэгъуакъым зэи упIейтейуэ,
Гуфlэгъуэ нэпс е гуауэ нэпс
Си фIащ схуэмыщI щхьэкIыщIэкIауэ, -
Фэеплъ гъэжам уредщхьыркъэпсщ.

Хуэпщlащи кIэнпшэу льагъунытэ, -
Уи дыщэхэкIэр угогъэпIий.
Сыныпхуэзамэ - уи дахагъэм
Кьыхиуу щIыIэбжьым сегъэдий.

Іэпкъльэпкъыр псэм и фащэщ - ар зэгъащIэ.
Кьыпхуэтщ уэ псэ - зыщыпитIагъэн а фащэр.

6
«ЗэращIым ещхьу усакIуэщхуэ куэдым
Щыгъхъупс си мыгъуэм кьеэмыгъэжэхын», -
Шекспир зэгуэрым жиIэгащ апхуэдау.
А Іуэху ещIынкIэр сэри дасIыгъынщ.

И нитIыр вагъуэ льыдхэм езгъэщIэнкъым,
И Іупэр балий плъыфэу жьызмыIэн.
Шабзэкъым и нафдзитIыр егъэщхъыныкъым,
Си тхьэпэльытэу ар сымигъэIун.

И тепIъэм ситхъакъуами кьызгъэзэнщIу,
А щрхур зыми дзыхь сэ хуэзмыщIын.
Пыдзджьжь кьасыхукIэ зыбгъэдз гъуджжIэхэм
Хуэдабзэу, сэри сльагъур сыбзыщIынщ.

Си пщащэм и дахагъэм зы псалъи тезхуэнкъым,
Сыхуейкъым си зэранкIэ нэ кьытыраргъэхуэну.

1995

7
Хьэмыкъуэ Маринэ и фэеплъу

Хэт быным, хэти мылькум зэпищIауэ
Фэрыщу зэдапсэуэхэр жьгъэкIуэд.
Уэ дэрэ гухэлъ кьабзэ зэхуэтщIауэ
Дыпсэурт, ди гущIэм кьришу уэрэд.

Фэрыщlхъэм дигу ящIагъурт ди фIэщыпэу:
ЗэрощI я жагъуэ, тышту зощIыжьыф.
Анхуэдау щыхъуэкIи, и тезырым напэм,
Гугъу демыхъыщIу, ахэр Іэщlокlыф.

... Зэман дэкIащ. Уи къэщхъэм сыщхьэщыту,
БлэкIам сытегъэу, си гур соухьыж.
Кьэхъуакъым насып псори зым иригу,
Кьыдет гуфIэгъуэ - пIащIэу тIэщIехьыж.

Фэрыщlхэри зыгуэркIэ насыпыфIэщ:
Зыр лIэкIэ, зым дунейр кьытемыункIыфIэ.

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

ТЕТIЫСХЬЭПIЭМ

Новеллэ

АСЛЪЭН гъуэлъыжа щхьэкIэ, езэгъыртэкъым. Жэщ уэгу лъащIэнщэм вагъуэ бжьыгъэнщэхэр щызэпэлыдми, абы и гущIэм уафэгъуагъуэ зыщIэт уэлбанэшхуэ щызэрызехьэрт. Зззэмыэн гугъэм и налъэ гуэрхэр и гущIэхэм кьытеззрыкъуэ пщэ гуэрэным кьыхэхъуапскIэрт. Арщхьэкlэ а хьуэпскIыр апхуэдизкIэ кьаруунщэти, жэщ кьыфIым кьыхэцIуукIа тутын хьуаскIэрт зэбгъэщхьыр.

Аслъэн къэтэджжьыртри, тутын зэкIэльефэрт. КьыкIуйтникIыкIт. Ныжэбэ абы уиафэ тращIыхьын хуейт мазэ зыбжанэ хьуауэ и щхьэгъусэ Равидэ кьыщIеныкъуэкъу Іуэхум.

«Сыт Равидэ кьыпхъыщIыхужькъм хуэдизу зыщIихьуэжар? Ди анэм хуэгуапэу, фэйлъхьэгъуэ гуэрхэмкIэ хуэупсэу зэрыщытрэ куэд щIакъым. Сыт-тIэ иджжы щхьэм кьымытIэсэн Іуэхугъуэ кьыщIыспиубыдыр? Сыт сщIэнур? Сытхэр си Іэмал?» Псэхугъуэ кьезымыт а упщIэхэм жэуап кьахуигъуэтыфыртэкъым Аслъэн.

Равидэ унагъуэ хуэщIам щагъэфIа хьыджэбз закъуэтри, зыхуейм и Іэр тримыгъэхуауэ етIысэхынтэкъым. Я щIалэгъуэм щыгъуэ, Аслъэн и лъагъуныгъэм «игъэдепIэу», щхьэзыфIэфIагъыр Іэщlыб ищIами, и ныбжьыр хэкIуэтэху, абы и хьэл-щэн мыхъумыщIэхэр зырыз-турыгтрэ кьыпльыкъуэжьы-жьырт, жьхэм щIихъуэм дэпыр, ущIэпща иужь, кьыззрыщIэщIжьым ещхьу.

Аслъэн и Іуэхур хэпльэгъуэт. Зэми Равидэ бгъэдэкIыжьыну кьытехьэрт. Арщхьэкlэ апхуэдэ гукъэкI зэрищIыххам щыщтэжьртри, а гупсысэр псынщIэу зыщIхьэщихужьырт. Равидэ иригъэкIыжмэ, и щыкъур бий кьыхуэхьунут: и дэлъхуищым нэпльэгъуэ кьратынтэкъым, щыкъу адэр хэлыфIыхьу кьыльаГъэса кьыкIыкъу хьарзынэми пагъэкIынут. КlэщIу жыпIэмэ, «дэращ уэ лъабжьэ у эзыгъэщIар» жаIэнхэрэ, игъащIэкIэ зыкъимыжьыжьын хуэдэу, и льэр хущIаудынут.

Щыкъухэр, зы жыпхъэм кьрагъэджэлам хуэдэу, цIыку еру защIэт, благъагъэкIэ кьамыубыдрэ ахъшэ-бохьшэкIэ зыпымыщIарэ щымыIэу. Къэралым щыгъэува хабзэхэр кьафIэ-Іуэхущэтэкъым. Гу кIуэм гуздэ кьыкIэраудыртри, а гур жьыжьэу зэрамылъэгъуамкIэ щыхьэтхэр кьагъэувыжьырт.

Мылъкумрэ псэ щхьэкIэ ехьэжьамрэ есэгъуафIэщ. Уэзмысэжьр кьулейсызэхъэрщ. Аслъэн гъащIэ тхъэжьгъэур иIэу псэурти, блэкIам и зы ныбжь гуэри и нобэрей гъащIэм кьытридзэну хуейтэкъым. Пэжьыр жыпIэмэ, и щыкъум я жьэ уазым зэрыщIэтми абы зытригъэгусащэртэкъым. Уеблэмэ я хьэлщэн гуэрхэр зыхихьхьэу хуежьат. Арауэ кьышIэкIынт мычэму зэпэгъэкI икIи зэкъуэншэкI и лэжьэгъуэхэр езым и нэщIыбагъкIэ абы факьырэ удэфэжакIэ кьыщIеджэр.

И анэм теухуауэ Равидэ кьыпиубыда Іуэхум зэрыртегуэвыкъым хуэдизкъэрщ. Аслъэн гъащIэ тхъэжьгъуэр иIэу псэурти, блэкIам и зы ныбжь гуэри и нобэрей гъащIэм кьытридзэну хуейтэкъым. Пэжьыр жыпIэмэ, и щыкъум я жьэ уазым зэрыщIэтми абы зытригъэгусащэртэкъым. Уеблэмэ я хьэлщэн гуэрхэр зыхихьхьэу хуежьат. Арауэ кьышIэкIынт мычэму зэпэгъэкI икIи зэкъуэншэкI и лэжьэгъуэхэр езым и нэщIыбагъкIэ абы факьырэ удэфэжакIэ кьыщIеджэр.

И анэм теухуауэ Равидэ кьыпиубыда Іуэхум зэрыртегуэвыкъым

●Жыжьэ - гъунэгъу

СИМЭ

Егъэджакіуэм и гуащІэ хьэлэлым кьыпэкІуэ фыІыгъуэм нэхърэ нэхъ льапІэу сыт щыІэ? Зыри. Сыту жыпІэмэ а фІыгъуэр - щІыхъуи, гъащІэм лъэ быдэкІэ хуэвэфын, хэкум и ехьулІэныгъэм хуэтлъэфрыи щІыху гъэсащ. Апхуэдэ щІэблэ дахэ къуэпсым и нэІэ ятетащ Щхьэлыкъуэ курыт школ №1-м илъэс 30-м щІигъукІэ псэемыблэжу щылэжьа Къуэшмэн Серафимэ Къэтмырзэ и пхъу.

СИМЭ (арат ГьафІэбзэу абы зэреджэр псори: кьыдэлажьэхэри, адэ-анэхэри, иригъаджэхэри) щІыхьыр 1946 гъэращ. Псэунигъэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи гугъут зауэ нэужь илъэсхэр, ауэ Налшык дэт педколледжыр къэзыхуагъащІэ бзыльхугъэ щІыкІуэм хэль жыджэрагьым, зыпэрыхьа ІэнатІэм хуиІэ лъагъунагъэм и кьаурум льэпощхьэпо псори щІыхухэм ящхьэщих хуэдэт. Бзыльхугъэ лъагэр, зэкІужыр куэдым зауэ гунэс ящхьхуат Абы и ущиякІуэ щабэхэт егъэджакІуэ нэхъыжьхэр, и чэнджэщэгъэт адэ-анэхэр, пщІэшхуэ кьыхуащІыр икІи дэІуэгъу кьыхуэхуэрыгъуэ и гъэсэн щыІыхуэр. Адыгэ хабзэрэ нэмысрэ эзрыльэ адыгэ унагъуэм кьыщІыхуэ Симэ щІыху зэтетт. Абы и хьэлэтэкьым и макьым эригъЫэту егъэджакІуэхэм ящІэкІиеу, ешхьыдэу - апхуэдэ Іэмалхэр и бийт. ЦІыкІу-хэр абы кьыІэзэрыдихьэхьр, кьІэзэригъэдаІуэр езым бгъэдэль гъэсэныгъэ дахэм-кІэт, щІэныгъэ куумкІэт дерс тькІэ хьэлэмэтымкІэт.

Куэшмэным зэрыригъаджэр адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэт. Анэдэтыхьэ-гъэр екІуу зыгъэбзэрабзэ, абы и щэхухэм щыгъуазэ егъэджакІуэм бзэм хуиІэ лъагъунагъэмкІэ адэгъуашэрт и гъэсэнхэм. Ирагъджакъэм ягу кьыІэзэрыкІыжьмкІэ, Симэ тхьылъ кьащхьуеджэкІэ, тхыгъэм зи гугъу щыщІа Іуэхугъуэхэр уи нэгу кьыщІигъуэ зэфІэт. Тхьилъым хэт художественнэ лЫхьужьыр абы и дежкІэ цІыху псэум хуэдэт, апхуэдизкІэ абы и Іуэхущафэхэр, гупсысэхэри, хьэл-щэхри и еджакІуэхэм псэкІэ захригъэщІэфырти. Ди адыгэ тхаІуэхэм, усакІуэхэм ящыщу ЕлГэр Кашиф, Мэзэлыб Борис, Брай Адэлбий, Къуэныжь Хьэлышэт сымэ иригъэджащ Куэшмэным. Льэпкъ литературэм хуэлэжьэныр ягу кьыщыкІари, абы ухуэзыщІэ ящэ лъэбкъуэхэр абыхэм щачари Симэ и дежщ. АпхуэдизкІэ и лэжьыгъуэхэм ядэгъашэрт методикэ и льэныкъуэкІэ егъэджакІэ щІэныгъэм хилъхьэ ІэмалыщІэхэмкІэ.

Школым щызэфих Іуэхуэхэм нэмыщІ, Симэ хунэсырт жьлагъуэ лэжьыгъэкъми. Бзылъхугъэ жьджьэкІэ кьуажэм и гъэзэщІакІуэ советым хэтт. ЩхьэлыкъуэщІэзэхэт хозяйствэм и Іэщ-ыхьуэ фермэхэм, губгъуэ кІуэ ящыщІэ щылажьэ я губгъуэ бригадэ кьыщІэрагьэпэщащ. Кьуажэ хозяйствэм иращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, щколым зэрихьэну щы Іыхьэр кьыхупаІащ, абы трасэну къэкІыгъэзэрэ яубзыхуаущ. Еджакіуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэгъуГуэр кьыгъэхэм хилъхьэ Іэмалыщ-щІэхэмкІэ.

Лэжьапі Іэнатіэмэ ящыщ и цІэрыІуэ щыхьэ, пщІэ гьэ яІэу абыхэм эрахьэрт нарпхуу, кьэбыстэ, помидор зыхащІа хьэсэхэр. Лэжьыгъэм щынэхьыщхьэр зыт - дзыхь хуэщІауэ ныбжьыщІэхэм унафэр яІэщІэлъхьэн, сыткІи щІэгъэкъуэн, чэнджэщэгъу яхуэхъун. Апхуэдэ кьыІэзэгъэпэщыкІэри зэтетэзыубгар Куэшмэнырат.

Мыдрежьи щыуатэскІэм а цІыху щыпкъэр. ИльэситІ-щым кьриубІэу ныбжьыщІэхэм я губгъуэ бригадэм зэуцмещэу: абы кьыпещыкІаш Іуэн хуэмыдэу - кадрэхІ, жыгГэхІ, щылэ хэлІапІэ зыгъашхэ, Іусыпхэхэм елэжь, ухуакІуэ кьудамэхэр. А гупхэм ящыщ дэтхэнэми зэфІах лэжьыгъэм хьерэ кьыпыкІым мыхьэнэщхуэ иІэт езы елэжьпІэм и дежкІи, кьуажэ хозяйствэм и дежкІи.

НыжьыщІэхэм я гуащІэдэкІ хьэлэлым пщІэшхуэ игъуэтуэ щытащ а эманым. Ди еджапІэм и фІыгъэхэр СССР-м и кьэралгъо мэкъумэш гъэлъэгъуапІэм (ВДНХ) илъэси 8-кІэ зэхэлъхьэжьу ирагъэблэгащ, республикэм щекІуэкІ мэкъумэш зэхьэзэхуэхэм мыхьэмытІэу пашэныгъэр щаубыдащ. Щылэгъуэлъэм и VI республикэ зэпеуэм, «Губгъуэ лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэр» зыфІащам, щытекІуэри Коммосомолым и обкомымрэ республикэм ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэмрэ я Бэракъ Плъыжь зэІэпахыр кьыхуагъэфэщауэ щытащ. Ильэсри 10-кІэ щхьэлыкъуэдэс ныбжьыщІэхэм яІыгъащ а дамыгъэ льапІэр, езыхэм яхуэдэ нэгъуэщІ бригадэхэр япэ ирамыгъэщу Еджакіуэхэм ящыщ зыбжанэм КъБАССР-м, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэхэм я Президиумхэм кьабгъэдэкІ щІыхь тхылъхэр ыратат.

Дауи, еджакіуэхэм я апхуэдэ къхьулІэныгъэшхуэмкІэ фІыщІэ ин зыбгъэдэлъыр егъэджэныгъэ кьаІэнхэм я мызакъуэу, губгъуэ лэжьыгъэмкІи жэуапльныгъэ зыбгъэ, бригадэм и политрук Куэшмэн Симэт. Егъэджакіуэ Іэзэм, лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакІуэ жьы дыдэ хуащи, псы кьыдэ, псыІагъэ жащи махуэ зыщІэт гъуэмыкІ кьыщІех. Мебединскэ зэпсымасэм я гугъу щІыкІ, щІыкІэ умыгъэщІагъуэу кьанэрэкъым. Дыхуйбт а Іуэхугъуэхэм КъБР-м Узынщагъэр хьумэнымкІэ и министерствэм гу льедгъэтэну.

МУРИЕВЭ Людмилэ, КЪУЩХЬэНАЩХЬУЭФатІимэ, К РАВЕЦ Динэ, СЧУКАЛОВЭ Татьянэ, САРАКАЕВЭ Марие.

● Теплъэгъуэ



Бжьыхьэм щхъуэкІэлъныкІуэ зыкъехуапэ. *Сурэтыр* **КОЗУБ Валерие** *трихащ.*

● Дэ къытхуатх

Гугъу ехьми, я лэжьыгъэр нэгъэсауэ ягъэзащІэ

Налшык къалэ сымаджэщ №1-м и хирургие къудамэм махуэ зыбжанэ нэхъ ди мызэхуакуу дышІэхуат мы тхыгъэм зи цІэ-рэзиІэ щІэныгъэзэрэ, медицинскэ зэрикъуекъым абы дызыщрихьэлІэ дохутырхэм ядэтлъэгъуэ Іэзэгъэмрэ гупагъэмрэ кьадгъэлъэгъуэну.

ЯПЭ МАХУЭМ кьыдэлъэ Кучмезов Мустафа кьыдэзэуэпшэр хуэдэурэ псынщІэ дыдэу ди узыр зэхихэкІри, кьыдахьэлІэну хущІхьэхэр иубзыхуащ. Мазэм нэблагъэкІэ дыщІэлъат сымаджэщим, а докутырым и эмэ пажьэгъэ махуэ благъэкІыжьа ди ІэмалкІэ щыщІыхьэу кьыштІэмыупщІэу. И лэжьэгъуэхэм зэрыжжаІэмкІэ, ар зи Іэщ-гъэм фІыуэ хэзэщІыкІ, дэтхэнэми дэІэпыкъуэгъу хуэхъуф цІыху гумызагъэщ.

АпхуэдизкІэ къыдэлІэлІащ дохутырхэу Хьубий Маратрэ Къунащ Зауррэ. Апхуэдизу гуапэу икІи нафдзэгубдзаплъэу сымаджэхэм яхэт щІалэхэм я лэжьыгъэм хуаІэ бгъэдыхьэкІэр дымыгъэщІагъэн тлъэкІыртэкІэм. Ауэ псом хуэмыдэу дигу кьыдыхьар дэ дызэгъэбыдыліауэ щытэ Къабардэ Заур Хьэбас и кьуэрщ. Абы хуэдизрауэ кьыщІэкІынщ и Іэщ-Іагъэм ешыр кьыхихаущ зыхуэжьэр. И псалъэ кьудейри хущхьэт а щІалэм. Гуапэу дэтхэнэ зыми епсалъэрт. Псоми дауІ ящ жьы хъуэ щІыхур нэхъ псалъэри, гу макИ зэрыкъур. АпхуэдизкІэ бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ яхуиІэт Къардэным. Абыхэм я псалъэмакъыр зэпимыдыу, щыІэныгъэщхуэ хэлъу едаІуэрт, я упщІэхэри жэуапльнщІэу кьигъанэрэтэкъым, я узым теухуауэ ящІэн хуейри нэхъ кьаІэзэрыгурыуэнкІэ яжриІэрт. Дэтхэнэмэ и узым зэрыпалъэщынмкІэ, я Іуэхур тэмэм зэрыхъужьнмкІэ фІэщхъуныгъэ ягъэльпхьауэ ар пэшым щІэкІыжырт.

Хирургие къудамэм и лэжьыгъэр хъарзынэгъэ зэтетублауэ зэрекІуэкІыр, щэн хэмыльу, зи фІыгъэр абы и унафэщІ Кубалов Абрэхьимщ, Апхуэдизу фІыщІэ яхуэтщІыну дыхуейт реанимацэ къудамэм и унафэщІ Тет Хьэсэни, абы и нэІэм щІэту зи лэжьыгъэр езыхьэкІ Іэщ-Іагъэ гупми.

Дэ дрогушІуэ ябыхэм хуэдэ дохутыр гумызагъэхэр дызэриІэм икІи зи лэжьыгъэ гугъур зэхьэрилажьэ щІыкІэр умыгъэщІагъэу кьанэрэкъым. Дыхуйбт а Іуэхугъуэхэм КъБР-м Узынщагъэр хьумэнымкІэ и министерствэм гу льедгъэтэну.

МУРИЕВЭ Людмилэ, КЪУЩХЬэНАЩХЬУЭФатІимэ, К РАВЕЦ Динэ, СЧУКАЛОВЭ Татьянэ, САРАКАЕВЭ Марие.

● Футбол

Зэхуэдизщ

Дэтхэнэ командэри и стадионым нэхъыфІу щыдэжэу хабзэщ, нэгъуэщІ щІыпІэхэм нэхъри. Мыгъэрей «Спартак-Налшыкыр» апхуэдэкъым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм зэрыхэтрэ мы илъэсым нэхъыбэрэ «Спартак-Налшыкыр» и стадионым къыщыхагъэщІакъым. Уеблэмэ, кьыщыхъуа щыІэщ ГьатхэпІэм (мартым) и 23-м кьыщыщІэдзауэ накъыгъэм (маймэ) и 22-мдэ. Іэ Къэбардей-Балъкъэрым и кьалащхьэ щригъэжьІэу джогуІуэшІри (Амкарым» - 0:1-уэ, «Динамом» - 0:2-уэ, «Спартак-кьым» - 1:2-уэ, «Москвам» - 0:3-уэ) щриГъэхьэху. Псори зэхэту ди щІалэхэм мы гъэм Налшык джэгуГьэнтху щыІахьащ

Хэт ищІэнт «Спартак-Налшыкым» турнир таблицэм иджыпсту щиІыгъыну увыпІэр сыт хуэдэми, нэгъуэщІ стадионхэм я хэщІыныгъэхэр щримыгъэжьу?Я деж кІуэуэу налшыкдэсхэр зытекІуахэм ящыщІ кьраным и иужьрей чемпионІтІыр - ЦСКА-мрэ (1:0-уэ), «Зенитмрэ» (4:3-уэ), кІлометр мин бжьагъэкІэ тпэжьажьэ Владивосток и «Луч-Энергием» (2:0-уэ), «Москвам» (3:1-уэ).

Хьэлэмэтращи, ди стадионми нэгъуэщІ щІыпІэхэми ди командэр иджыри кьэс мы гъэм зэрыщыдзэгъуар зэхуэдэпсэц: пІэрыпІпІэ щытекІуащ, гІорыпІэ зэрыщызэтегъэкІуакъым, тхъэрытхуэ кьыщыхагъэщІащ. Уеблэмэ топ кьыхудагъэкІари зэтохуэ - 12. ЗэрыхэпхъэщыкІыр топ дагъэжІаХэм и закъуэкІэм нэгъуэщІ щІыпІэхэм ди щІалэхэр 12-рэ кьыщыхэжанэкІамэ, Налшык ар зэращыхэзэфІэкІар 10-щ.

ЩЫбэтым «Спартак-Налшыкым» «Луч-Энергием» дригъэжьэжІыну зэІущІэм а щытыкІэм ди стадионым ифІ хэлъу зихъэжьыну дыщІогугъ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Джабар и гъэсэнхэр

● Спорт

Иджыблагъэ Кемеровэ къалэм щекІуэкІащ хабзэ хэхам темыт зэзэуэхэмкІэ Урысей Федерацэм и чемпионат. Ди республикэм и щІыхьыр абы щахъумащ а спорт лІэужьыгъуэмкІэ тренер цІэрыІуэ Дыду Джабар и гъэсэнхэм - бахьсэндэсхэу дунейпсо классымкІэ спортым и мастер Къардэн Анзорэ спортым и мастерым и кандидат Дрогуэ Рустамрэ.

Урысейпсо чемпионатым зи хьэтагъыр килограмм 77-рэ хьуэм я деж етІуанэ увыпІэр кьыщыхьыха Къардэнымрэ килограмм 83-рэ зи хьэтагъэм я деж ещанэ щыхъуа Дрогуэмрэ, я тренер Дыду Джабар сымэ уплІэ зыбжанэкІэ захуэдгъэзащ.

- Иныжь дапщэ хьуауэ спортым фыхъэт, а зэманым кьрыфыбдэуи сыт хуэдэ ехьулІэныгъэхэр зыІэрывгъэхьа?

- Къардэн Анзор: Сэ си ныбжьыр ильэс 14-м intу апэ дыдэу бэнэкІэ хунтым зыхуэзгъэсэн щыщІэздзауэ щытащ Бахьсэн кьаІэ. Си апэ тренеру щытащ ЗэкІурей Николай. Ильэс зыбжанэкІэ абы и деж зыщыщгъэсауэ, Іэпщэрыбанэ спортым сыдигьхьэхащ. БэнэкІэ хуитымкІэ секцэм сыкьыхьэкІыкри, зэман кІыхькІэ Іэпщэрыбанэ, каратэ спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ зызгъэщащ. Абы кьрифыбдэу каратэмкІэ дунейпсо чемпионатым и приз сыкьуащ, Іэпщэрыбанэ спорт лІэужьыгъуэмкІи ехьулІэныгъэ хъарзынэхэр зыІэрызгъэхащ. АпхуэдизкІэ, псалъэм папщІэ, СПГ-м, Урысей Федерацэм и чемпионатхэм, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм зыбжанэрэ апэ увыпІэкІэ кьыхэзыщысхьар.

Нпхэситім щІигъуауэ Дыду Джабар и деж зыщыщІогъаСэ. Я зэманым кьрифыбдэу тенджыз ФІыцІэм и Кубокыр кьэхьыным ехьэлІауэ Анапэ щекІуэкІа урысейпсо зэхьэзэхуэм етІуанэ увыпІэ кьыщыхсащ. Ипщэ Федерацэм щыналъэм и спортсменхэм я зэхьэзэхуэр, нэгъабэ Налшык щекІуэкІам, 2007 гъэм Пятигорск щекІуэкІа Урысейпсо чемпионатым апэ увыпІэ хэр кьыщыхьащ. Иужьрейуэ, Кемеровэ къалэм щекІуэкІа чемпионатым и финал зэІущІэм фэбжь зэрыщыщзгъуэтам кьыхэкІыу етІуанэ увыпІэрэ кьыщыхьэхьащ. Абы щыгъуэм текІуэныгъэр кьитхащ Повокузнецк щыщ ермэлы спортсменым.

- Дрогуэ Рустам: Анзор сэрэ дызэгъусэу Зэкъуреим и деж зыгъэсэн щыщІэздзащ. Абы сыкьыхэкІыкри Іэпщэрыбанэ спорт лІэужьыгъуэм зестащ. Бахьсэн дзэ «Пик-Авто» ІуэхущІапІэм сыщІэкІэ. КьыхсхуэхьэкІэ Іэмалыр кьэзгъэсэбэну фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ ди Іуэхущ-Іапі Іэм и унафэщІ Бжьыкіший Хьусен. Зэхьэзэхуэ сыкьІэн хуэй хъуамэ, псалъэмакъ лей хэмылъу сыкьеутЫпщ , апхуэдизу сызыхэт гупым сагъэгушхуэ.

- Рустам: Си къуэшымрэ сэрэ дызэгъусэу бдзэжьащ щыдгъэхъу гуэл Нарткъалэ бэдзэнду щытІыгъщ.

- Иджы сыт хуэдэ зэхьэзэхуэхэр кьыщІэпщІыпІэ?

- Анзор: Мы гъэм жэпуГъуэм и 17-м Уфа къалэм щекІуэкІынущ дунейпсо турнирышхуэ. Абы кьыщыщзэбэныну сриджащ тхэнейрэ дунейпсо чемпион хъуа, иджыпстуи а цІэр зезыхьэ Галлиев Венер.

- Рустам: Мыгувэу Пятигорск щекІуэкІаІыну рейтинг зэхэзэхуэхэм сыхэтыну зыгорэхьэзыр.

Хэхауэ и гугъу щІыпхъэщ щІалэ хэр эпеуэхэм хуэзыІгъэхьэзырым. Дэтхэнэ спортсменми и лэжьыгъэм хуэІэижь тренер имыІэу, щэч хэтхъыкІ текІуэныгъэшхуэхэри кьыхэзгъэхьэзырыІэнир. Дыду Джабар 1986 гъэм кьыщыщІэдзауэ каратэмкІэ, нужькІэ хабзэ хэха зимыІэ зэзауэ зэмкІэ сабиИхэрэ ящыщІэныгъэмрэ я бгъасэ. Джабар республикэм щыяпэу каратэмкІэ бгырыпх фІыщІэ кьихьауэ щытащ 1991 гъэм. Иджыпсту Дыдэ Джабар ирагъэблагъэ Бжьыкіший Асльэнрэ ягъасэ спортсмен 15. Абыхэм ящыщІ иджыблагъэ Португалием щекІуэкІа чемпионатым дунейпсо чемпион щыхъуа Ташу Рустам, 2008 гъэм Урысейм и кубокыр, Урысей чемпионатыр кьэзыхьа Тевзэкьокьуэ Ратмир, тенджыз ФІыцІэм и кубокыр кьэзыхьаэу Пекъу Маратрэ Факъуэ Астемыррэ, 2007 гъэм Урысей чемпионатым етІуанэ щыхъуа Хьэлий Мурат, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм текІуэныгъэхэр кьыщыхьэхьа Молэ Артур сымэ. Абыхэм я текІуэныгъэр кьыгъэхьащІ имыІэу епхащ Дыду Джабарэрэ Бжьыкіший Хьусенрэ я лэжьыгъэ купщІафІэм.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей къэрал театрым фрегъэблагъэ

Щ.ощжэнщыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и ятІэ: ***зыкьыІэр кьыхэзІуэхьэ.***
Фокіадэ - жэпуэгъуэ мазэхэм абы фыщепІъыкфынущ мыпхуэдэ спектаклхэм:
ФокІадэм и 23-м:
Къанькъуэ Заринэ. **«Пагъэ и унагъуэр»** *(драмэ)*
Думэн Мурадин. **«Уэлий и парашют»** *(гушыІэ)*
Жэпуэгъуэгъу и 7-м:
Рей Кунн. **«ЦІыхухъхъур, цІыхубзыр, хьэдэ мыщІыхур»** *(гушыІэ)*
Жэпуэгъуэм и 14-м:
Эдуардо де Филиппо. **«ЦІыхуу икІи джентльменщ»** *(гушыІэ)*
Жэпуэгъуэм и 21-м:
Нало Заур. **«Іэфынэ и нэ фІыцІитІыр»** *(драмэ)*
Жэпуэгъуэм и 23-м:
Несин Азиз. **«Сыуэ! иджы, дунейнэ!»** *(мелодрамэ)*
Жэпуэгъуэм и 28-м:
Къанькъуэ Заринэ. **«Пагъэ и унагъуэр»** *(драмэ).*
Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щІыхь зиІэ и артистэ Балъкъэр Тамарэ и бенефисщ.

Театрым и художественнэ унафэщІыр У рысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист **ШыбЗыхьэУ Басирщ.**

ЩІыпІэзэр сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 30-рщ. Телефонэр: 42-64-94, 42-33-89.

● Зэ ІущІэхэр

ЗэпІэзэрытыныгъэм и лъабжьэр ягъэбидэ

КъБР-м ЩІалэгъуалэ Іуэхуэмрэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэмкІэ и къэрал комитетым лжьыбгъэзэщІ щІыпІэхэм зэпІэзэрытыныгъэр щыхъумэн, жылагъуэ ІущІэныгъэ ІуІэрэ зэгурыІуэныгъэ ІуІэрэ зэгурыІуэу я Іуэху зэрахьэн и лъэныкъуэкІэ. Абы теухуауэ иджыблагъэ комитетым иригъэкІуэкІащ зэІущІэ щхьэпэ. Ар кьыщэригъэпэщащ зи цІэ кьэІуІа къэрал комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ Гергоков Джамбулат.

ДИН лэжьакІуэхэмрэ къэрал кьыщІэкІуэхэмрэ я зэхуэсым и хьэщІэ лъапІэт УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыІэм и аппаратым къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и департаментым и унафэщІым и кьуэдзэ **Филиппов Михаил**. Апхуэдизу зэІущІэм хэтащ щІалэгъуалэмрэ зэхуэмыдэхэм я хьэныгъэхэмрэ ядэлэжьакІэмкІэ кьалэ, кьуэ администрацэхэм я кьудамэхэм я Іэщ-Іагъэлэхэр, КъБР-м и Парламентым и деж щылажьэ ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ **Бештокуэву Беслъэн**, КъБР-м и муслымэнхэм я дин зэгуэхьныгъэм и унафэщІым и кьуэдзэ **Дзасэжь Хьэзрэталий**, КъБР-м и православнэ члисхэм я пашэм и дэІэпыкъуэгъу **Кузнецов Сергей**, журтхэм я дин зэгуэхьныгъэм и раввин **Шабаев Леви**, Ислъамэ институтым и унафэщІ **Чмахов Шамфутдин**, республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр, «ЗэгурыІуэныгъэ» щІалэгъуалэ клубым, «ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхэм кІэлъыплъ» жылагъуэ зэгуэхьныгъэм хэтхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэр кьызэІуиха нэужь, Герговым кІэщІу тепсэлъыхьащ дин зэгуэхьныгъэхэм я лэжьакІэм теухуауэ республикэм щыщІэ щытыкІэм. Абы кьызэхэсахэм ягу кьигъэкІыжащ мужьрей зэманым динхэм (псом хуэмыдэу мусЫымэм диным) зыужьныгъэшхуэ зэригъэтам. Апхуэдизу сыт хуэдэ дин кьабзэри дапщэщи мамырыгъэм, зэгурыІуэныгъэм зэрыхуэлажьэр, гъэсэныгъэ и пашэныгъэ мыхьэнэщхуэ зэрэІэр.

- Ауэ дэ зыщытхъэм хуейщ дин экстремизмэм. Ар Іэщэ шынагъуэу зэрыщытыр дэ ди нэгу щІэкІащ 2005 гъэм и жэпуэгъу мазэм, - кьызкиГэщащ абы. - А Іуэхугъуэхэм щхьэусыгъуэ яхуэхъуамрэ лъабжьэу яІамрэ мызэ-мыІЫу куэд тепсэлъыхьащщ, къытедГъэзэжьнкІэм. Дэ нобэ псори: сыт хуэдэ дин итри, фІэщхьэныгъэ зезыхьэри - дыдэхуущІэкІэ хуэйр зыщ: мамыр псэуКІэр щІепІащ ди щІыналъэр нэхъри едгъэфІэкІуэнырщ, абы ифІ кьызэрыкІын, и цІэр дахэу зыгъэІуН Іуэхугъуэхэр зэфІэтхьнырщ. Тхьэм и шыкурхІэ, апхуэдизуи щытщ.

- Сэ сыщыгъуэзащ фи кьуэджэхэм я Іиммэхэр зыщІэтыкІ пщІэ, нэмыс щызиІэ цІыхухэу зэрыщытым. Апхуэдизуи сощІэ а кьалэным пэрытхэм я нэхъыбапІэм дин щІэныгъэ нэхъыщхьэ е нэгъуэщІ щІэныгъэ нэхъыщхьэ яІэу, я щІэрыпІэ Іуэхуэхэм фІыуэ хащІыкІыу зэрылажьэр, - жиІащ Филипповыр кьыщыпсалъэм. - Къэрал властымрэ дин, жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэмрэ я зэдэлэжьэкІэм и мардэхэри фи республикэм тэмэму зэрыщыІэтэублам щэч кьытесхьэрхьым.

Дауи, Іуэху кьиин кьызыхэмыкІ щыІэкъым, ауэ сэ си фІэщ мэхъу апхуэдизкІэ я хэкІыпІэ дахэр фи зэпсэльныгъэ кІуэхэм, зэдэлэжьныгъэ куухэм кьызэрыщыІэтэфыр.

Республикэм щыІэ дин зэгуэхьныгъэхэм я Іуэху зыІуткІэ зэрэІэр пэжьыгъэхэмрэ ятеухуауэ зэІущІэм кьыщыпсэльащ Дзасэжь Хьэсанш, Кузнецов Сергей, Шабаев Леви сымэ. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, дин лэжьакІуэхэм Іуэхугъуэ куэд зэфІагъэкІ щІалэгъуалэр гъэсэныгъэкІэ. Я гукъеуэхэр кьыщІэупатм, дин унафэщІхэм кьыхагъэщащ

«Дин щэнхабзэр» предметыр курыт еджапІэхэм щрагъэджыну жаІами, абы и Іуэхур кьызэрызэтеувыжкар. Апхуэдизуи жылагъуэхэм я Іиммэхэм я улахуэр зэрымащІэ дыдэри кьыжаІащ.

ЗэІущІэм щекІуэкІа псалъэмакъым жыджэру хэтащ щэнхабзэр хьумэнымкІэ «Вечэ» зэгуэхьныгъэм и унафэщІ Канунников Анатолий, дин еджапІэм и студентхэр, нэгъуэщІхэри. Утыку кьралъхьа псори кьызэщІыкІуэжу зэхуэсым и кІэм кьэпсэльащ Герговым. Абы жиІащ къэралымрэ динымрэ яку зэгурыІуэныгъэ, пщІэ сыт щыІэри щыхуэзгъэсэну зэрыхуейр. Ар Іэщэ зэрыгъэлъапхъэр, дэтхэнэ щІыхуми, зэрихьэ диным емыльытауэ, псом япэ хэкупсэу щытын зэрыхуейр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Щ.ирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Маритэ, Льостэн Мурэ, Ныбжьэ Танэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуэщ.Іапі Іэхэм ядолжжьнымкІэ - 42-60-53; хьыбарщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ.Іапі Іэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.

Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэныту щытыкІэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынкІэ и пщІэ дэльн КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІ.ІагъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щынымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъуэзагъэм и 16-м №ІН-0065-м щІигъу яхэлаи.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КъБР-м ЩІэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щхьэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ ДышэкІ Соня, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2,4-нэ нап.)*, ПхытІыкІ Юрэ *(1,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр яІащ:* ГъукІэлІ Рае, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтыщІ* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзаг сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.010● Заказ №3160